

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu geus ditalungtik dina bab saméméhna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap.

Modél debat dina modél pangajaran luyu jeung anu dipiharep. Dina prak-prakanna, guru ngutamakeun kaaktipan siswa dina lumangsungna prosés pangajaran. Ku kituna, kalungguhan modél debat di dieu mangrupa salasahiji modél pangajaran anu dipaké guru pikeun ngaronjatkeun sumanget diajar siswa. Salian ti éta, ieu panalungtikan dilaksanakeun sangkan miboga gambaran anu lengkep, patali jeung kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda saméméh jeung sabada perlakuan dina kelompok ékspérimén, sarta kelompok kontrol pikeun jadi babandingan efektif henteuna modél debat dina pangajaran nyarita basa Sunda.

Hal-hal anu kapanggih dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda saméméh ngagunakeun modél debat katingali masih kurang, hal éta kabuktian tina hasil prétes masih loba siswa anu skor na kurang, éta siswa dianggap can mampuh nyarita basa Sunda kalayan bener. Rata-rata skor anu geus kahontal ku siswa dina prétes kelompok ékspérimén nya éta 39,93 jeung rata-rata skor kelas kontrol nya éta 40,49.

- 2) Sabada digunakeun modél debat di kelompok ékspérimén hasilna, rata-rata siswa dianggap mampu nyarita basa Sunda. Rata-rata skor siswa dina tés ahir (postés) nya éta 46,38. Sedengkeun dumasar uji *Gain*, rata-rata *Gain* siswa nya éta 6,35. Hal ieu dirojong ogé ku hipotésis anu nétélakeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $18,97 > 2,42$.
- 3) Modél Debat éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita basa Sunda siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung. Lantaran aya beda anu signifikan antara prétes jeung postés, saméméh jeung sabada meunang “perlakuan” ngagunakeun modél debat. Salian ti éta, bisa katitén yén kamampuh nyarita kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol.

Tina pedaran diluhur bisa dicindekkeun yén modél debat efektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa. Hal éta bisa katitén dina hasil kamampuh prétes jeung postés kelompok ékspérimén rata-rata skor nu kahontal 39,93 jeung dina hasil postés sabada meunang “perlakuan” rata-rata skor anu kahontal 46,38. Dumasar kana uji *Gain* ngaronjatna kamampuh nyarita skor anu kahontal 6,35. Dina uji Hipotésis ditétélakeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $18,97 > 2,42$. Ku kituna, ieu panalungtikan hasilna ngaronjat katitén tina peunteun prétes jeung postés kelompok ékspérimén ngaronjat kamampuhna dina nyarita basa Sunda. Modél debat éféktif digunakeun dina pangajaran nyarita basa Sunda kelas X SMA Pasundan 3 Bandung.

Kitu deui kelas kontrol, tina hasil prétes jeung postés ngaronjat. Tapi dina kamampuh nyarita basa Sunda masih kénéh aya dina katégori

kurang mampuh lantaran dina tabél diluhur katingali anu meunang peunteun 7 lolobana.

5.2. Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun pangajaran nyarita, hususna ngeunaan modél diajar, téhnik diajar, jeung métode diajar.

1) Pikeun Guru

Sabada ngayakeun panalungtikeun ngeunaan modél anu digunakeun dina pangajaran nyarita di kelas X SMA Pasundan 3 Bandung, ditétélakeun yén hasilna ngaronjat. Ku kituna, anu nyusun miboga saran pikeun guru-guru ngagunakeun modél debat dina nepikeun pangajaran nyarita di sakola.

2) Pikeun Siswa

Siswa kudu miboga motivasi nyarita ngagunakeun basa Sunda boh disakola boh dilingkungan kulawarga.

3) Pikeun Panalungtik

Perlu pisan diayakeun panalungtikan séjénna anu leuwih jembar pikeun pangajaran kaparigelan basa sejénana, kayaning modél dina pangajaran ngaregepkeun, nulis, jeung maca.